

# Legliz Jezikri A: Yon Batiman Vivan Ki Fèt Ak Sèvitè Bondye Yo Ki Gen Lespri Bondye Nan Yo

17 Oktòb 2014

Pou sa ki poko rive jwenn konesans laverite (Jan 8:31-32; 1 Timote 2:4; 2 Timote 3:7; Ebre 10:26), li difisil pou imajine yon batiman konsa (gade foto a) ka pa gen anyen pou li wè ak Jezikri, sèl vre Bondye labib la fè nou konnen an.

Menm lè Jezi ta nan aktivite bati batiman legliz (kote kwayan ka reyini), materyo li sèvi pou li bati sa labib la rele Legliz li a, se pa ni beton, ni lachè, men sa ki soti nan travay Sentespri Bondye. Legliz Jezi a, sa li bati sou wòch la, "wòch sa a" (Matye 16:18) ki se limenm Kris la, se yon rasanbleman nanm moun ki transfòmè dapre volonte Bondye, ak pouvwa pawòl li e pou fè sèvis li.



[1 Pyè 2:4-6 <sup>4</sup> Pwoche vin jwenn Seyè a, li menm ki wòch vivan an. Moun te voye li jete paske pou yo li te san valè. Men, li gen anpil valè pou Bondye ki te chwazi li. <sup>5</sup> Nou menm tou, tankou wòch vivan, kite Bondye sèvi ak nou pou bati kay li a ak pouvwa Sentespri, pou nou ka sèvi l' tankou prèt k'ap viv pou li. Konsa, gremesi Jezikri, n'a ofri bay Bondye ofrann ki soti nan kè nou, ofrann ki pou fè l' plezi. <sup>6</sup> Se poutèt sa nou jwenn sa ekri nan Liv la: Men li, mwen mete yon wòch nan mitan peyi Siyon, yon wòch kwen mwen menm mwen chwazi epi ki gen anpil valè. Moun ki mete konfyans yo nan li p'ap janm soti wont.]

[Efèz 2:19-22 <sup>19</sup> Se sak fè, nou menm moun lòt nasyon yo, nou pa etranje ankò, ni moun ki depasaj. Men, se sitwayen nou ye ansanm ak tout moun nan pèp Bondye a, nou fè pati fanmi Bondye a. <sup>20</sup> Nou menm moun lòt nasyon yo, nou se kay Bondye ap bati sou fondasyon apòt yo ak pwofèt yo te poze a, men se Jezikri menm ki gwo wòch ki kenbe kay la kanpe a. <sup>21</sup> Se li menm ki kenbe tout kò kay la kanpe byen fèm, ki fè l' grandi pou l' tounen yon sèl kay yo mete apa pou Bondye. <sup>22</sup> Konsa, nou menm tou avèk lavi n'ap mennen nan Kris la, nou antre nan batisman sa a pou nou fè ansanm ak lòt yo yon sèl kay kote Bondye ap viv ak pouvwa Sentespri li.]

Jan 6:63

Se lespri a ki bay lavi, kò a pa vo anyen. Pawòl mwen di nou yo soti nan Lespri Bondye, yo bay lavi.

1 Pyè 1:22-23

<sup>22</sup> Koulye a, lè n'ap obeyi verite a, nou nan kondisyon pou nou fè sèvis Bondye, pou nou sa gen yon renmen sensè pou frè yo. Se sak fè, se pou nou yonn renmen lòt ak tout kè nou, ak tout fòs nou. <sup>23</sup> Gremesi pawòl Bondye a ki yon pawòl vivan epi ki la pou tout tan, nou resevwa yon lòt lavi. Fwa sa a, nou pa soti nan yon jèm ki ka mouri, men nan yon jèm ki pa ka mouri.

(Lik 8:11 Grenn (jèm) y'ap simen an se pawòl Bondye....)

1 Jan 3:9

<sup>9</sup> Si yon moun se pitit Bondye li ye, li p'ap kontinye fè peche, paske pouvwa lavi ki soti nan Bondye a ap travay nan li. Si se Bondye ki papa l', li pa kapab ap fè peche toujou.

Fòk yon moun fèt yon dezyèm fwa, pou li ka nan Legliz Jezikri a, sa li renmen an e pou kiyès l ap tounen vini an.

Jan 3:5-7

<sup>5</sup> Jezi reponn li: Sa m'ap di ou la a, se vre wi: Pesonn pa ka antre nan Peyi kote Bondye Wa a si li pa fèt nan dlo ak nan Sentespri. <sup>6</sup> Lachè soti nan lachè, lespri soti nan Lespri Bondye. <sup>7</sup> Pa sezi si mwen di ou: se pou nou fèt yon dezyèm fwa.

Fòk yon moun genyen nan li lavi ki nan Jezi a, e se konsa moun nan ka nan Jezi. Sa fèt lè yon moun resevwa Sentespri a, ki se kado Bondye, ki se Jezi limenm ki manifeste nan moun saa.

1 Jan 5:12.

Moun ki gen Pitit la, yo gen lavi sa a tou. Men, moun ki pa gen Pitit Bondye a, yo pa gen lavi sa a non plis.

Jan 14:6.

Jezi reponn li: Se mwen menm ki chemen an. Se mwen menm ki verite a, se mwen menm ki lavi a. Pesonn pa ka al jwenn Papa a si li pa pase nan mwen.

1 Jan 2:26-29

<sup>26</sup> M'ap ekri nou tou sa poutèt moun k'ap chache twonpe nou yo. <sup>27</sup> Pou nou menm, Kris la te voye Sentespri a sou nou. Toutotan Sentespri a nan kè nou, nou pa bezwen pesonn moutre nou anyen, paske Sentespri a ap moutre nou tout bagay. Sa l'ap moutre nou an se verite, se pa manti. Se poutèt sa, ann fè sa Sentespri a ap moutre nou, ann toujou fè yonn ak Kris la. <sup>28</sup> Wi, pitit mwen yo, ann toujou fè yonn ak Kris la. Konsa, lè Kris la va parèt, n'a gen konfyans. Wi, jou la vini an, nou p'ap wont devan l', yo p'ap kapab voye nou jete byen lwen li. <sup>29</sup> Nou konnen Kris la se yon moun ki te mache dwat devan Bondye. Se pou nou konnen tou, tout moun ki fè sa ki dwat devan Bondye se pitit Bondye yo ye.

\*Konpare saa ak pratike peche (Matye 7:(21-)23), ki swa dizan yon maladi ou fèt avèk li e ki san gerizon.

Gen yon mwayen pou ti mouton Bondye a (Jezi) wete peche moun ki sou latè. Malad ki dakò yo malad yo e ki vle lasante, li ba yo gerizon, li louvri zye avèg ki konnen yo se avèg e ki vle vin wè yo – sa ki ale jwen li yo e ki mande li (Lik 11:9-13) pou li ba yo gerizon: I ap Sovè yo. (Konpare ak Revelasyon 3:17-18).

Lik 5:30-32

<sup>30</sup> Farizyen yo ak dirèktè lalwa ki te fè gwoup ak yo t'ap babye, yo di disip Jezi yo: Poukisa n'ap plede manje, n'ap plede bwè konsa ak pèseptè kontribisyon ansanm ak lòt moun k'ap fè sa ki mal? <sup>31</sup> Jezi reponn yo: Lè yon moun ansante, li pa bezwen dòktè. Se moun malad ki bezwen dòktè. <sup>32</sup> Enben, mwen pa vin rele moun k'ap mache dwat devan Bondye, men moun k'ap fè sa ki mal pou yo kapab tounen vin jwenn Bondye.

Kidonk, kisa yon moun ki se pechè tout lavi li ye, si se pa yon moun ki rejte laverite Levanjil la, ki refize reponn ak sa li mande?

Jan 8:24

Se poutèt sa mwen di nou, n'ap mouri nan peche nou. Wi, nou gen pou n' mouri nan peche nou si nou pa kwè mwen se moun mwen ye a.

Kado Sentespri Bondye a se pou sa ki oèbyi pawòl Bondye a (Jan 14:15-18). Se pou yo repanti: se pou yo vire do bay tout sa ki mal yo tap fè.

Pwovèb 28:13

Moun k'ap kache peche p'ap janm wè zafè yo mache. Men, Bondye va gen pitye pou moun ki rekonèt peche yo, pou moun ki chanje lavi yo.

1 Jan 1:9

Men, si nou rekonèt devan Bondye nou fè peche, nou mèt gen konfyans nan li. Paske l'ap fè sak gen pou fèt la: la padonnen tout peche nou yo, la netwaye nou anba tou sa ki mal.

Travay 2:38

Pyè reponn yo: Tounen vin jwenn Bondye, epi yonn apre lòt vin resevwa batèm nan non Jezikri, pou Bondye padonnen tout peche nou yo. Apre sa, n'a resevwa Sentespri, kado Bondye a.

Travay 5:32

Nou se temwen tout bagay sa yo, nou menm ansanm ak Sentespri Bondye bay tout moun ki obeyi l' yo.

Verite a li sa li ye a e pawòl Bondye a ap rete pou tout tan, kelkeswa sa yon moun ka imagine nan tèt li.

Sou tè saa, gen youn ki kanpe pou li twonpe tout moun (2 Korent 4:4) e tout travay li fè sou tè a la pou twonpe moun tou; non li se Satan; se pa Adan ak Èv sèl li twonpe, men tout latè. Tout moun kap peche, se yon moun ki twonpe, epitou kap kontinye viv selon

manti li kwè a. Li pap mache nan laverite, nan chemen ki mennen nan lavi nou jwenn nan Jezekri a.

Revelasyon 12:9

Yo jete gwo dragon an deyò. Se li menm, sèpan ki la depi lontan an, li menm yo rele diab la osinon Satan, k'ap plede twonpe tout moun. Yo voye l' jete sou latè ansanm ak tout zanj li yo.

Konsa, se reponsabilite chak moun pou li asire li nan pawòl Bondye a epitou fè jefò pou li antre nan pòt jis la; paske Jezi di anpil ap chèche antre, men yo pap kapab (Lik 13:24).<sup>13</sup> Antre nan pòt jis la. Paske, pòt ki laj la, chemen ki fasil la ap mennen nou tou dwat nan lanmò. Gen anpil moun ki pase ladan li.<sup>14</sup> Men, pòt ki jis la, chemen ki difisil la ap mennen nou tou dwat nan lavi. Pa gen anpil moun ki jwenn li." (Matye 7:13-14) Lè kretyen tande pawòl moun ap di, epi yo aksepte tout bagay, yo gen parès pou yo etidye, yo manke swaf pou yo fouye pawòl Bondye a tankou yo tap chèche yon trezò, yo pa mande Bondye limyè pou asire chemen yo, sa fè yo pa fidèl ak Bondye vre. Lè yo satisfè mache konsa, Bondye pa ka aksepte sa! Moun mete konfyans yo nan lòm, nan pawòl lòm ak nan sa lòm di fè pi plis pase nan pawòl Bondye a, nan laverite ak nan chemen laverite a trase a.

Pwovèb 29:25

Si ou pè sa moun ap di, ou antrave. Men, si ou mete konfyans ou nan Seyè a, ou pa bezwen pè anyen.

Sòm 118:8-9

<sup>8</sup> Pito yon moun chache pwoteksyon anba zèl Seyè a pase pou l' mete konfyans li nan moun. <sup>9</sup> Pito yon moun chache pwoteksyon anba zèl Seyè a pase pou l' konte sou chèf.

Men kèk egzanp ki pa ale nan menm sans ak yon moun ki mete tout konfyans li nan lòm, menm lè moun saa ta konprann lap aji byen (li pasaj yo nan kontèks yo):

Travay 4:19

Men, Pyè ak Jan reponn yo: Jije nou menm kisa ki pi bon devan Bondye: Obeyi nou osinon obeyi Bondye?

Travay 5:29

Pyè ansanm ak lòt apòt yo reponn li: Se pou n' obeyi Bondye pase pou n' obeyi moun.

Kidonk se reponsabilite pa ou pou ou asire w ke batiman ou rele legliz ou a, sa ou asosye avèk li a, sa ou frekante a, ansanm ak tout lide ou genyen sou li, e ki fè li se yon gwo senbòl jan ou ap mache ak Bondye, li se yon kote moun vin jwenn lavi ki soti nan Sentespri Bondye a, pase se yon simityè li ye, yon kote Sentespri Bondye a ap viv nan moun yo tan pou se lespri lemon kap manifeste, yon privye ki plen ak bon pwason pito pou se ta youn ki plen ak move pwason. Mo legliz la, nan tèks original labib la nan lang grèk, li vle di "asanble sa Bondye rele pou li mete apa yo". Menm si li dekri yon asanble ki nan yon kote byen detèmene, se pa adrès la ki legliz la, se moun yo ki reyini nan kote

saa ki legliz la. Pòt te mèt fèmen, depi moun yo la, Sentespri la, Jezi nan mitan yo, legliz la kanpe. Legliz la pa pou pèsoun moun, men se pou Jezikri li ye. E moun sa yo se moun ki dwe ap viv pou Bondye, se pa moun ki vin gade. Levanjil la se deyò pou lal preche, epi lè yon moun konvèti, li bay Bondye lavi li, li resevwa Sentespri a ki se kado Bondye kòm Jezi te pwomèt sa, se lè saa, ak pouvwa Bondye (Jan 1:12-13; Jan 3:5-7), moun saa antre nan legliz Jezikri a (Travay 2:41, 47). E lè saa, sa ki deja ap mache ak Bondye ka rele li yon frè oubyen yon sè. Se pa paske yon moun antre nan pòt yon kote ki rele legliz ke li se yon frè oubyen yon sè. Peche pa kapab tolere anndan yon asanble Bondye mete apa pou li (legliz). Se poutèt sa Pòl te di "Se yon ti kras ledven ki fè tout pat la leve." Epi "Wete mechan an nan mitan nou." (1 Korent 5:6, 13) Mechan an se tout moun ki poko delivre anba pouvwa peche, ki toujou anba lòd Satan. Moun saa li dwe jwenn pawòl verite a ki pou chanje li a (Efèz 1:13-14).

Mo a ki tradui legliz la se "Ekklesia", nou ka wè nan ki vèsè li parèt:

<http://www.enseignemoui.com/bible/strong-biblique-grec-eklesia-1577.html>

1 Korent 2:12-14

<sup>12</sup> Se pa lespri k'ap travay nan moun k'ap viv dapre lide ki nan lemonn lan nou te resevwa. Lespri nou resevwa a, se Lespri Bondye te voye ban nou an pou n' te ka konnen tout favè Bondye te fè nou. <sup>13</sup> Si n'ap pale sou tout favè Bondye fè nou, se pa avèk pawòl nou jwenn nan bon konprann lèzòm, men se pito avèk pawòl Lespri Bondye ap moutre nou. Se konsa, nou fè moun ki gen Lespri Bondye nan kè yo konprann verite ki soti nan Lespri a. <sup>14</sup> Yon moun ki pa gen Lespri Bondye a nan kè l' pa ka asepte verite ki soti nan Lespri Bondye a. Pou li, se pawòl moun fou yo ye. Li pa kapab konprann yo, paske se Lespri Bondye a ki pou ede l' egzaminen yo.

Matye 13:47-51

<sup>47</sup> Peyi Wa ki nan syèl la, se tankou yon privye yo voye nan lanmè. Li pran tout kalite pwason. <sup>48</sup> Lè li fin plen, pechè pwason yo rale l' sou bò rivaj la. Yo chita, yo triye pwason yo: yo mete bon pwason yo nan panyen, yo jete sa ki pa bon yo nan lanmè ankò. <sup>49</sup> Se konsa sa pral rive tou lè tout bagay va fini. Zanj Bondye yo va vini, y'ap mete mechan yo yon bò, moun ki fè sa ki byen yo yon bò. <sup>50</sup> y'a jete mechan yo nan gwo founo k'ap boule a. Se la va gen rèl, se la moun va manje dan yo. <sup>51</sup> Jezi mande disip li yo: Eske nou konprann tou sa? Yo reponn: Wi.

2 Timote 2:19-21

<sup>19</sup> Men, pa pè. Fondasyon solid Bondye te mete a, li la toujou. Men pawòl nou jwenn make sou li: Mèt la konnen moun ki moun pa li. Tout moun ki di se pou Seyè a y'ap viv, se pou yo sispann fè sa ki mal. <sup>20</sup> Nan yon gwo kay, gen tout kalite vesò: genyen ki fèt an lò osinon an lajan, genyen ki fèt an bwa osinon an tè. Gen ladan yo ki sèvi pou okazyon espesyal. Gen lòt se pou sèvis òdenè. <sup>21</sup> Si yon moun kenbe kò l' pou l' pa fè sa ki mal, y'a fè l' fè yon travay espesyal. Paske lè sa a l'ap mete tèt li apa nèt pou Mèt li, la itil Mèt la, l'ap pare pou l' fè nenpòt bagay ki byen.

-----

Ebre 11:6

Nou konnen pesonn pa ka fè Bondye plezi si li pa gen konfyans nan Bondye. Moun ki vle pwoche bò kot Bondye, se pou yo kwè gen yon Bondye, yon Bondye k'ap rekonpanse tout moun k'ap chache li.

Jeremi 29:13

N'a chache m', n'a jwenn mwen paske n'a chache m' ak tout kè nou.

Izayi 55:6-7

<sup>6</sup>Tounen vin jwenn Seyè a, pandan nou ka jwenn li an. Lapriyè nan pye l' pandan li toupre nou an. <sup>7</sup>Se pou mechan yo kite move chemen y'ap swiv la. Se pou malveyan yo wete move lide k'ap travay nan tèt yo. Se pou yo tounen vin jwenn Seyè a ki va gen pitye pou yo. Se pou yo tounen vin jwenn Bondye nou an, paske l'ap padonnen tou sa yo fè.

Ke Bondye beni nou, ke li kondui nou epitou kenbe nou ak fòs li.

Gade tou: "The Church That Jesus Built", ak "L'Église De Jésus-Christ: Un Édifice Spirituel Vivant" sou [www.yestothetruth.com](http://www.yestothetruth.com).